REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA:

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen | f 6,— | njoewoen ka- bajar roemijin. |
| 1/2 „ | f 3.— | |
| 3 woelan | f 1,50 | |
| Kènging mbajar saben woelan | | |

RAGAD ADVERTENTIE:

| | |
|---|---|
| 1 katja | f 36.—. |
| 1/2 „ | f 18,65. |
| 1/4 „ | 9,75. |
| 1/8 „ | f 5,25. |
| Saladjengipoen: saben 1 cm[2] | f 0,03; |
| sekedik - kedikipoen: | f 1,50. |

Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius." Djokja

# NAWALA „RERUM NOVARUM"

KEPÈK SOCIAAL

*OEMOER KAWANDASA TAOEN.*

Tanggal 15 Mei poenika oemoeripoen Nawala *Rerum Novarum*, paring dalem K. S. Bapa Leo XIII, sampoen djangkep kawandasa taoen; awit Nawala waoe katitimangsan: ing Roem, tjelakSt. Pieter, 15 Mei 1891.

Dinten kawandasa taoenan poenika dipoenpèngeti wonten ing djagad Katoelik poendi - poendi. Poenika mratandani, jèn djagad Katoelik seneng lan mongkog anggadahi wasijat, ingkang aos kados makaten; mratandani, jèn djagad Katoelik mantep lan kentjeng anggènipoen anggondèli toentoenan, ingkang terang toer waspada kados makaten; mratandani, jèn djagad Katoelik panggah boten kendo anggènipoen badé nindakaken wawaton, ingkang lentjeng djedjeg kados ingkang kaseboet ing Nawala waoe.

Nawala „Rerum Novarum" sampoen *oemoer kawandasa taoen!*

— „Dadi wis toewa, wis rosok, wis djempo, wis ora kanggo, pantes dilebokaké ing archief, kang bakal ora taoe diboekak manèh!" —

„Retum Novarum" dèrèng rosok, dèrèng djempo! Awit piwoelanging Nawala waoe njata; mangka kanjataan boten saged rosok, poenapa déné djempo. Kanjataan poenika tansah nèm, tansah anggadahi kekijatan. Kanjataan poenika lestantoen tandes, wanteg.

„Rerum Novarum" dèrèng pantes sinarèkaken ing archief kinoentji rapet! Poenapa sapoenika boten taksih wonten ing djaman kaoem berah—kaoem madjikan? Ing djaman mata-doewiten? Ing djaman kaoem kantong kotong sami dipoenkilèni, soepados andjegrag mrekitik ngamoek dateng kaoem ngandoet arta? „Reum Novarum" dèrèng rampoeng damelipoen! Taksih kedah kabèbèr ing gendéra wijar koemlèbèt nglèbèti saindenging boewana!

„Rerum Novarum" poenika *kepèk sociaal!* Ngrembag prakawis sociaal babagan kaoem berah—kaoem madjikan, boten endjah-endjahan, nanging tapis, „soepados tjeta lan gamblang wawatonipoen; lan margi nindakaken wawaton waoe péhak kakalih, ingkang sami adjeng-adjengan poenika, ngèndelana anggènipoen sami okol-okolan, kados ingkang sampoen saleresipoen."

„Rerum Novarum" andjèrèng kanti ringkes, nanging tjekap, nalar-nalaripoen rembag prakawis kaoem berah — kaoem madjikan; poenapa ingkang sampoen kadadosan kala samanten, ingkang sajektos ngenesaken manah!

Kawontenan kados makaten poenika kedah santoen! Nanging kadospoendi rékanipoen?

„Rerum Novarum" ladjeng andoemoek „Socialisme"; djer tjrijosipoen sagah lan saged njaèkaken kawontenan waoe. Nanging ing pranatanipoen katah ingkang noemboek kedjeblès ing kawontenan ingkang *kedah* wonten. Dados pranataning „Socialisme" poenika dédé srana oetawi margi kanggé njaèkaken.

„R. N." ladjeng nedahaken margi, mawi awat-awatan kawontenan ingkang *kedah* dipoennoet; awawaton kodrat lan dawoehing Allah, dadasar bakoeh ingkang kénging pinitados!

Ing ngrikoe wadjibing Pasamoean Soetji, wadjibing Negari lan wadjibing satoenggil-toenggilipoen tijang sami dipoentlesihaken ingkang gagajoetan kalijan prakawis ingkang karembag.

„Anané oenda-oesoeking dladjad ikoe woes kagawa saka oenda-oesoeké paringing kodrat, . . . .

„Ora bener, manawa golongan dladjad loehoer karo golongan dladjad asor ikoe wis kinodrat soepaja pada pasoelajan, . . . . .

„Kapitaal tanpa baoe-soekoe ora doewé daja apa - apa; mangkono oega baoe-soekoe tanpa kapitaal ija loempoeh, . . . . .

„Njamboet gawé ikoe ora djeneng nista, awit . . . . . . Malah njamboet gawé ikoe wadjibing oerip. Dalasan oepama manoengsa ora ditoendoeng saka taman Pirdoes, ija koedoe njamboet gawé, moeng baé . . . .

„Kasoegihan ikoe ora bisa ngilangaké kasoesahan, malah ngoewatiri . . . . . .

„Sing doewé kanti absah, padaa éling, jèn barang-barang ing donja iki diparingaké, soepaja manoesa pada nganggoa kanti bener . . . . . . . Wong sing koekoerangan koedoe ditoeloengi marang wong sing doewé toerah, tegesé: sing kaboetoehané wis tjoekoep kaja sapantesé . . . .

„Sing ora doewé, ora kena njahak-njahak . . . . . .

„Ora saben boeroehan kang woes diarepaké ing wong boeroeh ikoe aran adil . . . . .

„Negara koedoe andjaga soepaja hak-hak adja nganti gempal . . . . ."

Poenika petikan sawatawis saking soeraosipoen Nawala Rerum Novarum.

Nawala „Rerum Novarum" pantes dipoenwastani *Kepèk Sociaal;* amargi ngrembag prekawis gawat[2], kanti tjekak, nanging tjekap lan waspada, boten mawi réntjang[2]an.

Mangga koela atoeri maos pijambak!

Nawala R. N. kaserat kanggé pitedah ing alam kaoem berah-kaoem madjikan.

Nanging ngewrat oegi papakem warni[2] ingkang tebanipoen langkoeng wijar. Mangga kajektèkna pijambak!

Saben tijang Katoelik ingkang badé anggebjoer ing kalangan sociaal, . . . lan ing djaman samangké sinten ingkang boten badé anggebjoer? — Pantes sanget maos lan mangertos lan nindakaken papakeming „Rerum Novarum".

Lan para poetra Katoelik pantes sanget anggadahi Kepèk Sociaal waoe, ingkang pinaringaken ing K. S. Bapa Leo XIII. R.

Soesoelan saking Red.

Saking péhak Swara Tama, sampoen anandangi andjawèkaken boekoe waoe, ingkang sawoelan oet. kalih woelan engkas badé kawedalaken déning babadan-angedalaken boekoe jasanipoen P. ten Berge ing Moetilan. Panggarapipoen ing sapoenika saweg pikantoek sapalih.

Tandang andjawèkaken Nawala Rerum Novarum poenika, minangka pahargjanipoen Swara Tama dalah para maosipoen soemarambahipoen dateng para wedrah Katholiek Djawi, wonten ing dinten kawan dasa taoenipoen Rerum Novarum.

ISINIPOEN:
Nawala Rerum Novarum—Medari tansah toemandang—Operasi Journalistiek—Djagad wanita — Kekiranganipoen Indonesia — Ing sapoetjaking panggoeng Ékonomi — Goentingan pers—Saking pakempalan—Kabar saking Betawi—Pangandikanipoen K. S. Bapa Leo XIII—Ontjèn sekar gambir melati—Oerap-sari—Correspondentie.

# PRADJA RAHAJOE.

**:- MEDARI TANSAH TOEMANDANG -:**

*W. S.—Crediet-Coöperatie—Oudersavond—P[4]A.*

*K. W. poeseripoen.*

Nalika 7 malem 8 Mei 1931. sampoen èstoe dipoenwonteni pepanggihan manggèn ing standaardschool Medari. Djam 7 trep pepanggihan kabikak, dipoendatengi tijang 85, saking golongan: Politie ambtenaren, Onderwijzers, Pandhuisbeanten, Waterschappen. Suikerfabrieken, lan Particulieren. Tjekak: pepak sanget, dalasan bendara Assistent inggih ndjenengi, sarta paring rembag ingkang amrih sentosaning sedya oetami poenika.

Déné toedjoeaning pepanggihan: perloe anerangaken dateng tijang ingkang dèrèng mangertos, bilih ing Medari sampoen sawatawis taoen, dipoenwonteni Cursus ing wantji daloe. Cursus waoe dipoennamani **„Wiwara-Sastra."** W.S. waoe bikak wonten ing ing poendi[2] panggènan, ing djadjahan Medari. W. S. waoe soeka piwoelang sagedipoen maos lan njerat aksara Djawi lan Latin, sarta basa Walandi. Lan wiwit 1/7-'31 dipoentambahi malih basa Inggris, dateng sadéngah tijang sepoeh sarta laré[2] ingkang sakinten sampoen boten klebet sinaoe ing wantji éndjing. W. S. waoe mawi narik bajaran; toemrap ingkang sinaoe aksara Djawi f 0,10 Latin f 0,15. basa Walandi f 0,50 ing saben woelan. Déné basa Inggris dèrèng katemtokaken bajaranipoen. Arta waoe boten kanggé betahing goeroe, nanging kanggé betahing W. S. oepami kangé toembas lampoe, lisah, ngetjapaken warna[2] handleiding[2] enz.

Nalika taoen kapengker W. S. damel pésta ageng-agengan mawi ringgitan tijang, perloe nglempakaken sadaja moeriding W. S. ing poendi[2] panggènan, ingkang ing Standaardschool tok kémawon, wonten moerid 120.

Ing salebeting pista waoe mawi dipoenwonteni sosorah, kedjawi basa Djawi oegi sosorah basa Walandi, pendetan saking moerid W. S. perloe kanggé nedahaken dateng tijang[2], jèn mila sampoen saged gineman mawi temboeng Walandi: —W. S. waoe jasanipoen K. W. Medari.

Verbruik-Coöperatie ing Medari sampoen dipoenbongkar. Pawitan dalah babatènipoen, sampoen kaedoem, kanti lega lan senenging manah. Awit saking saéning atoeran, ngantos tanpa koetjiwa. Déné anggèné dipoenbibaraken, namoeng sabab ingkang njepeng sampoen sajah, mangka boten wonten ingkang karsa mbandjel.

Nanging sareng kalijan pedjahipoen Verbruik-Coöperatie, teroes lair **Crediet-Coöperatie.** Wiwit madeg 1/3-'31 arta ingkang mlebet f 82,50.— 1/4-'31=f 175,60, 1/5-'31 ingkang mlebet sampoen langkoeng saking f 208,—

Nitik lebeting arta boten saja soeda, nanging saja 'ndadra. Lan ing salebeting 3 woelan sampoen saged mitoeloengi pinten[2] warga ingkang betah dadakan. Poenika oegi jasan K. W.

**Oudersavond - H. I. S. Trijasa** Medari, oegi sampoen tata[2] lan sampoen rampoeng anggènipoen tjetjawis badé kanggé ngawontenaken oudersavond. Namoeng kantoen milih dinten lan wekdal poendi, ingkang matoek kanggé nemtokaken wontenipoen oudersavond waoe. Poenika oegi angsal pambijantoenipoen K. W.

Mangga! tinimbang sajah kanggé ngrembag domino, tiwas ngapinteni betahing wingking; aloewoeng sajah kanggé ngrembag adjenging bangsa; temtoe badé mikantoeki ing tembé wingking.

Badjoel boentoeng? Rèhning P. P. K. D. Medari oegi sampoen dados warganing P. P. P. P. A., mila inggih sengkoed anggènipoen pados djenoe, badé kanggé ngetjeri badjoel boentoeng. Awit ing ngrikoe oegi wonten baja boentoeng; malah boentoengipoen radi mepet.

*Tijang roenda.*

**Ngatoeri priksa.**

Ngatoeri priksa, anak koela ingkang lair wonten Klatèn ddo. 28-4-'30 ingkang teroes katilar iboenipoen sowan Goesti, ladjeng ddo. 10-2-'31 sampoen pikantoek iboe malih, nalika ddo. 28-4-'31 poenika sampoen oemoer 1 th. kanti wiloedjeng.

Ngablak 4/5-'31.

taklim koela:
C. SLAMET.

# OPERASI JOURNALISTIEK.

*Kanggé adjenging pers Katholiek.*

I.

Karanganipoen saoedara *Andaja*, wonten Sw. T. minggoe kapengker! Angoesoelaken: soepados Sw. T. Saged neba wonten sadjawining kalangan Katoelik. Toemrap ingkang mangertos galagating djaman, rembag poenika saèstoe dados panggoegah ageng! Pènipoen kadang Andaja saèstoe *moelat; roemeksa!*

Moelat saha roemeksaning pènipoen journalist bermata seriboe andjalari koela ngoenoes *péso operasi.* Koela tamakaken dateng raos Katoelik, pangertos Katoelik, katresnan Katoelik, panggrahita Katoelik, ingkang sampoen ambaloeng soengsoem angèbeki angganing gotrah Katoelik. Sinten kataman *péso-operasi* journalistiek tjap A. S. D. poenika, pangadjeng-adjeng koela sageda ladjeng *waloeja!*

„Swara Tama sageda neba wonten sadjawining kalangan! Sampoen ngantos pekenipoen namoeng wonten kalangan Katoelik." Toehoe idam-idaman loehoer, lan inggih *saged toemindak.* Poenika katitik saking tebanipoen *De Tijd*, toewin *Djawi Saraja* djaman samanten! . . . . . .

Nanging *temenipoen*, taksih wonten laladan ingkang *langkoeng* penting! Awit, ing kalangan kita wonten sasakit ingkang kedah dipoendjampèni; wonten *boetoelan* ingkang kedah dipoenboentoe. Kawoeningana sadèrèk,

„taksih *katah sanget* kaoem terpeladjar Katholiek Djawi ingkang *boten* lengganan Swara Tama, oet. Soeara Katholiek."

Golongan lalawanan kita mireng kawontenan poenika, begdja-begdjanipoen namoeng moengel „kassian,...!" kados temboengipoen mipro Tralala manawi mireng tangganipoen kasoesahan. Manawi boten makaten bokmanawi malah keplok bokong njokoeraken, awit *sapa tahoe* sèh, manawi gotrah Katoelik ingkang *tresna* ing golongan waoe ladjeng njoekakaken artanipoen kanggé ngisèni kasing koranipoen ingkang sami moengel kasiaan, . . . . ." poenika! Nanging manawi *boeng* Atma, heer Kasima, toewan Harjadi, abang Prendjak Mataram, boeng Andaja lss. ingkang mireng kawontenan waoe, mesti ladjeng njeboet *„terlaloe!"*

Koela tinggil péso-operasi-journalistiek tjap A. S. D; koela garitaken, koela empakaken dateng Katoelikipoen kadang Katoelik ingkang sami *tresna* dateng golonganipoen waoe.

Poenapa sababipoen déné prijantoen - prijantoen waoe sami boten lengganan Swara Tama?

Katrangan-katrangan ingkang koela pireng makaten:

1e. *Swara Tama koran sing moeng isi kabar wajoe; toer saben - saben isi kabar koempoelan.*

Prijantoen ingkang ngandika makaten, mratjihnani anggènipoen boten mangertos tegesing kempalan sarta pers Katoelik. Kita ngawontenaken serat-kabar poenika kanggé perloening akrab kita pijambak toewin oemoem. Dados inggih kanggé amadahi swanten toewin kawontenaning pakempalan kita. Manawi pers kita pijambak boten ngewrat kawontenaning pakempalan kita pijambak, poenika dados *gegoedjengan.*

Prakawis wajoening pakabaran, poenika saking péhak redaksi sampoen angemen-emenaken milih kabar ingkang actueel.

Kadjawi poenika prijantoen ingkang netepaken wajoening pakabaran ing Sw. T. poenika sampoen genah ingkang waosanipoen koran hariwarti.

Sadèrèk! Manawi koran kita sami pandjenengan damel dagblad, koela tanggel: redaksining dagblad waoe mesti saged njoegata kabar - kabar anget dateng pandjenengan.

2e. *Swara Tama, isiné toentoeng agama!*

# GOENTINGAN PERS.

*Hoera, hidoeplah batik kita, . . . .*

Djaman ngadjengaken jajasaning bangsa. Djaman nglestantoenaken panggaotan ingkang dados pikoewating ékonominipoen bangsa pijambak.

Wonten *Bintang Timoer* (petikan saking *Sipatahoenan*) koela maos kabar soeraosipoen makaten:

Sawenèhing désa bawah Tasikmalaja ana sing wong-wongé lagi riboet ngrékadaja kaprijé akalé bisané angoekoehi daradjading panggaotan batik Tasik.
Botjah nom-nom akèh sing bandjoer sagoejoeb nedya gawé demonstratië *moeng arep nganggo tjlana, klambi lan iket oetawa koeploek batik weton Tasik.*

Nom-noman iki maoe bakal menjang kampoeng - kampoeng, anggegèndèng atiné wong-wong soepaja pada noelada awaké.
Nom-noman maoe pada njéwa omah dianggo papaning remboegan prakara-prakara lan sarana-sarana lija, kaprijé rékané bisané batik Tasik madjoe adja kebandjoer-bandjoer moendoer kaja saiki.

Prakara ing doewoer oega wis taoe diremboeg ana sawenèhing parepatané Pasoendan ing Tasik, sarta parepatan maoe ngroedjoeki bangettradjangé nom-noman kaseboet ing doewoer, sarta remboegé prajoga banget Pasoendan ambijantoe.
Pangarep-arepé moega ora moeng ing sadésa baé sing ana lakoe mangkono. Pasoendan bagéjan poetri, didjaloek kalawan banget, gelema nganggo saléndang lan tapih batikan Tasikmalaja. Temboengé: ing wektoe rekasa iki, padaa njarèhna nafsoening ati nedya manganggo mas, slaka, inten barléjan.

Makaten wosing pakabaran waoe! Boten perloe koela imbeti rembag makaten-makaten, para maos saged mendet patining aksi kaseboet nginggil. Mangga dipoenkenjami!

*Prendjak Mataram.*

Mireng makaten poenika, péso-operasi-journalistiek tjap A. S. D. nggeget sanget lampahipoen. Péso waoe pitakèn: *„Pandjenengan poenika sinten?* Rak inggih Katoelik, ta? Poenapa pandjenengan dahar pil materialisme, déné ngantos ladjeng nglepèh dateng toentoeng agama? Manawi temen makaten, sampoen mesti kémawon péso koela, koela tjaboet, boten koela empakaken dateng pandjenengan! Éman-éman! Nanging, manawi pandjenengan Katoelik, sampoen koewatos, péso journalistiek tjap A. S. D. taksih pradah, taksih tjoemadang ing damel, poeroen kaempakaken kanti legawaning manah.

Minggoe ngadjeng péso-operasi kalampahan malih. Koela atoeri maringaken Sw. T. pandjenengan ingkang isi karangan-karangan péso-operasi, dateng tepangan pandjenengan Katholiek Djawi ingkang boten dados lengganan Sw. T.

*A. S. D.*

# DJAGAD WANITA.

## GESANG SASARENGAN.

**Sosorahipoen R. A. Moerdi Atmadja wonten ing konggrès P. W. K.**

Temboeng gesang sasarengan poenika, sampoen djarwa. Para sadèrèk mesti sampoen sami mangertos. Kosok - wangsoelipoen gesang pijambakan. Menggah gesang pijambakan poenika, saking kajakinan koela, mesti boten saged toemindak, sageda inggih kanti ngrekaos sanget. Oepami satoenggiling tijang, tanpa kanta tanpa kanti, menawi badé neneda kedah ngratengi pijambak, poenapa - poenapa pijambak, rak ngeselaken ta poenika? Dados rekaos toemindak-

# SAKING PAKEMPALAN.

### PAREPATAN WARGA K. W. BLITAR 3-5-1931.

*Manggèn ing Internaat Pastoeran djam 9,30 — djam 1.*

I. *Pamboeka:* Parepatan kabikak kanti ngloehoeraken Pangéran.

Warga ingkang rawoeh 15 tamoe 2. Padoeka Rama Parampara oegi rawoeh. Pangarsa atoer kasoegengan dateng ingkang rawoeh.

II. *Maos Notulen:* Notulen kawaos déning panitra, teroes kaabsahaken.

III. *Verslag Congres:* Sadèrèk A. S. Martasoedarma ngandaraken angsal-angsalanipoen dipoenoetoes dateng Solo, nenggani Congres P. K. W. sarta maos verslag-ipoen, wonten ing parepatan, kanti terang.

IV. a). *Krida Arta:* Gegajoetan kalijan oengeling statuten ingkang soeraosipoen:

1. Arta tjéléngan dipoenlampahaken.
2. Warga ingkang betah sawantji-wantji kénging mendet tjélénganipoen;

Bestuur oesoel, soepados saben warga toembas aandeel apesipoen satoenggal regi f 10. Déné anggènipoen toembas, kénging nitjil, apesipoen saroepijah ing saben woelan.

Oetawi mendet saking arta ingkang sampoen dipoentjèlèngi. Oesoel waoe katampèn.

b). *V. L. Stichting:* Sadèrèk A. S. Martasoedarma nerang-nerangaken ginanipoen V. L. Stichting, sarta ngadjak dateng para ingkang sami rawoeh, soepados karsaa dados warga V. L. Stichting. Warganipoen ladjeng mindak.

c). *Radioomroep:* Sadèrèk Pangarsa ngandaraken ginanipoen Radio omroep, sarta ngadjak dateng para sadèrèk, soepados karsaa dados warganipoen. K.W. lan P.P.K.D. dados warga, lan wonten sadèrèk sanèsipoen malih.

d). *Merapiramp:* Sadèrèk R. S. Rahadi ngandikakaken, bilih anggènipoen ngintoenaken arta dana kanggé kasangsaran Merapi, sampoen katampi, kanti genging atoer panoewoen.

e). *Koran Katholiek:* Lantaran Stichtingipoen para sadèrèk G. D. sami kalilan lengganan Swara Tama, kanti mbajar arta lengganan f 4 (kawan roepijah setaoen). Ingkang karsa dados lengganan wonten 4.

f). *Pangroekti Laja:* Anggènipoen toembas pasitèn kanggé koeboeran sampoen angsal, regi f148, 40. 1 roe□ regi f 2.

V. *Pitakénan:* Boten wonten sadèrèk ingkang nerang.

VI. *Panoetoep.* Parepatan katoetoep kanti ngloehoeraken asmaning Pangéran.

*Verslaggeefster.*

### K. W. SEMARANG.

Nalika tanggal 26-4-1931. K. W. Semarang ngawontenaken parepatan warga:

Ingkang karembag bab badé ngawontenaken bank.

Sasampoenipoen parepatan kabikak, verslag kawaos, sarta serat-serat ingkang toemoedjoe dateng K. W. kagiaraken, noenten ngrembag prekawis bank.

Kenteling rembag Semarang ngawontenaken bank, ngajom dateng K. W. Ingkang kénging njamboet namoeng warganing bank waoe. Kapitaal kawedalaken saking aandeel.

Ing wekdal poenika oegi katah ingkang loemebet dados warga bank waoe. Ingkang kapilih dados

pangarsa: sadèrèk Djaswadi.
panitra: „ Roekida.
penningm.: „ Kasidjo.
pembantoe: „ Atmaboedaja.
pembantoe: Mevr. Sasraningrat.

Sareng sampoen rampoeng, parepatan katoetoep.

*Panitra K. W. Semarang.*

### PAREPATAN K.W. ING BARA 19-4-'31.

I. Pakempalan kabikak djam 9.15 éndjing. Ingkang rawoeh pandjenenganipoen Rama Pastoer Satiman; wakil pamaréntah toewin warga wonten 15, sanèsipoen sami kepambeng sakit lan perloe; sanèsipoen tanpa mawi soeka pretéla dateng pangrèh. Béndjing malih koela atoeri merlokaken!

II. Maos notulen, sasampoenipoen kaéwahan sakedik, ladjeng kaabsahaken.

III. Ngawontenaken tjéléngan; sarta tjéléngan waoe tjalonipoen badé kasamboet-samboetaken. Anggènipoen nglempakaken pawitan srana njadèni andil; saben andil satoenggal pangaos f 10. Saben tijang satoenggal kénging moendoet andil langkoeng saking satoenggal. Pamoendoetipoen andil kénging katjitjil poenapa malih kakentjèng (langkoeng oetami).

Pakempalan njèlèngi sampoen madeg, toemoenten dipoenpadosaken nama, tjotjoging rembag kanamakaken: *Krida-harta.*

Déné ingkang kapidji dados pangrèhing „Krida-harta."

1. *Voorzitter:* Hr. Carel Soeradimin Wignjasoedarma.
2. *Secretaris:* Hr. R. Tr. B. Oesoep Sasraatmadja.
3. *Penningmeester:* Hr. Tr. B. Padmawarsita.
4. *Commissaris:* 1. Hr. J. Siswawihardja.
   2. Hr. St. Martaoetama.

Pangarsaning „Krida-harta" nerangaken sakedik bab tjéléngan.

IV. Sapoenika K. W. sampoen sadija boekoe-boekoe saking Lectuurfonds sawatawis.

V. Ing wasana djam 11.30 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng. Sanadjan ingkang ndatengi parepatan waoe namoeng sakedik, éwasamanten rembag-rembag saged karamèkaken kanti kepjek.

---

ipoen. Menawi sampoen wonten oewos lan sanès-sanèsipoen, sanadjan kanti rekaos meksa kénging dipoentindakaken. Balik kedah nanem pantoen pijambak l.s.s. rak dèrèng neda, sampoen pedjah.

Sawarnining pakempalan, industrie-industrie tjekak sadaja kémawon, toemindaking pandamelan, dipoenawaki tijang katah. Dados tangèh lamoen sagedipoen ngwontenaken pakempalan oetawi industrie-industrie manawi namoeng dipoenawaki tijang satoenggal.

Pramila sagedipoen ngwontenaken gesang sasarengan srana ingkang no. 1 loeng-tinoeloeng, doem-doeman damel, poenika mesti badé ngèntèngaken pandamelan, saha saged nggajoeh ingkang dados sadaja antjas. Oepami malih, tijang badé damel grija manawi dipoentandangi pijambak, tangèh sagedipoen ngadeg grija waoe. Sageda inggih kanti rekaos lan dangoe sanget.

Dados kedah wonten ingkang mitoeloengi. Samanten oegi toemraping dateng pakempalan, namoeng dipoenvoorzitteri tok, oetawi voorzitter ngiras secretaris, penningmeester saha commissaris, poenika manawi katah lidipoen mesti rekaos sanget toemindakipoen. Déné manawi tanpa lid namanipoen poenapa, rak sanès pakempalan.

Satoenggiling pakempalan, jasa poenapa-poenapa, poenika rak sampoen kamanah gilig kanti saroedjoekipoen para bestuur miwah lid-lidipoen. Jajasan poenika rak ngedalaken ragad, saha tanaga. Manawi jajasan waoe dipoenlemparakaken, mesti boten badé saé kadadosanipoen. Tijang nananem rak kepéngin badé ngoendoeh lan neda wohipoen, boten awakipoen pijambak, inggih kanggé anak poetoe.

Manawi taneman waoe boten dipoenoepakara, ing samestinipoen, poenapa saged kaleksanan kadjengipoen waoe?

Gandèng kalijan atoer koela waoe, koela (atas namaning P.W.K.) njoewoen dateng pandjenengan sadaja, soepados anggegesang taneman pandjenengan pijambak i. p. P. W. K. dalah W. K. Koela inggih boten mastani pisan-pisan bilih pandjenengan nglirwakaken koewadjiban.

Wosing atoer koela waoe no. 1 gesang sasarengan poenika saged ngèntèngaken sadaja padamelan, sanadjan padamelan waoe awrata kados poenapa; 2e. gesang sasarengan saged nggajoeh poenapa-poenapa ingkang migoenani dateng oemoem.

Wasana moegi-moegi atoer koela ingkang katah-katah waoe mewahana kaaktievan toemrap jajasan pandjenengan.

# SAKOLAHAN.

### KEKIRANGANIPOEN TANAH INDONESIA.

*(Babagan handels lan landbouw hoogeschool).*

Wonten ing verslag saking Commissie ingkang kapatah ngéwahi atoeran papréntahan tanah Indonesia poenika koela saged ngringkes oekara ingkang kadjengipoen kirang langkoeng makaten:

„Wonten ing rantjangan oendang-„oendang ngéwahi reglement ing „Tanah Indonesia, ingkang wos-„ipoen ngéwahi dasaring paprén-„tahan ing tanah Djawi lan Ma-„doera, ingkang kaparingaken „kanti dawoeh Keradjaan tanggal „28 Maart 1918, dipoenterang-„aken manawi toedjoening kra-„djan Welandi maréntah tanah „djadjahan poenika boten sanès „namoeng badé nindakaken pa-„damelan mendet kasoegihan ing-„kang kapendem ing tanah poe-„nika kanti kekijataning ra'iat „Indonesia pijambak, soepados „saged migatosaken kabetahan „sarta paprèntahaning negarini-„poen pijambak, lan kanti poe-„nika badé kapasang dasar ing-„kang andjog dateng maréntah „pribadi ing sasampoerna-sam-„poernanipoen. (zie verslag Com-„missie pengoebah atoeran pe-„merintahan di Hindia Belanda „ktj. 2)."

Bagoes!

Dados Pamaréntah kedah sanget anggènipoen migatosaken dateng babagan sangoening ra'iat Indonesia. Pamaréntah kedah nindakaken INDONESIANISEERING ing salonggar-longgaripoen, tegesipoen Pamaréntah kedah ngoedi moerih kataha anak Indonesia ingkang katoentoen kadadosaken ambtenaaring nagari inggih ingkang golongan andap, makaten oegi golongan inggil pisan. Babagan Indonesianiseering poenika kedah katindakaken teroes, boten kok margi malaise, ladjeng ngawontenaken Indonesianiseering. Babar pisan sampoen!

Tanah Indonesia badé katoentoen saking sakedik dateng „BAWA PRIBADI".

Loking ngakatah tanah Indonesia poenika tanah tetanèn.

Tanah Indonesia koentjara wonten mripating donja djalaran Indonesia saged ngisèni loemboenging wereldmarkt awoedjoed, tèh, kina, kopi, manis djangan, boembon tjrakèn, gendis, sarang boeroeng, oewos, sata, karèt, timah, paraffine, wohan, kapas, kapoek, kopra, djené, lisah latoeng, areng séla, lisah petak, oelam, lar peksi dewata, watjoetjal lss.


**VAN LITH - STICHTING**

Poenapa pandjenengan
sampoen ngisèni
serat kasagahan
dados
CONTRIBUANT
Van Lith-Stichting?

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict.
Moentilan N. I. S.


Jèn kita ngèngeti babagan poenika temtoe ageng manah kita. Nanging sareng nolèh sinten ingkaug...... dados radja-radja ing babagan poenika..... sampoen pirsa pijambak!

Tetanènipoen a n a k Indonesia.. boten madjeng.

Padaganganipoen........ idem, malah langkoeng..... ngisin-isini. Memelas sanget.

Koela roemaos mesakaken sanget dateng bangsa kita manawi ngèngeti dateng prakawis dedaganganipoen, saja manawi ngèngeti djamanipoen roemijin.

Poenapa djamanidoen MAHA PRABOE HAJAM WOEROEK, rerengganing tanah Indonesia ingkang kedah kita ènget-ènget, bangsa kita sampoen koentjara menggahing padaganganipoen. Poenapa bangsa kita nalika samanten boten sampoen koentjara sanget menggahing lelajaranipoen.

Prakawis padagangan lan tetanèn poenika perloe sanget.

Sinten ingkang saged ngregem pangoewaos ing kalih prekawis waoe..... temtoe.....?? Boten perloe koela pandjang-pandjangaken babagan poenika, para maos temtoe sampoen saged ndjadjagi poenapa ingkang dados kadjeng koela.

Bangsa kita ambetahaken dipoentoeloengi tetanènipoen, makaten oegi padaganganipoen.

Leres negari pijambak sampoen ngawontenaken bebadan ingkang kapoerih ngadjengaken babagan poenika. Nanging saiba badé madjengipoen, saiba badé genging paédahipoen manawi ra'iat kita angsal panoentoen saking golongan oetawi ada-adanipoen ra'iat pijambak. Temtoe langkoeng moerakabi, langkoeng énggal madjeng.

Sampoen tigang atoes taoen langkoeng, tanah Indonesia ngèngèr dateng ngamantja. Sapoenika sampoen wantjinipoen nglilir. Sampoen wantjinipoen oetjeg-oetjeg mripat. Makaten oegi fihak ingkang dipoenngèngèri inggih sampoen kagoengan panggalih manawi sampoen wantjinipoen manawi sadija kanggé ngetjoelaken samangsa ingkang ngèngèr waoe sampoen pantes „BAWA PIJAMBAK".

Kanggé sangoe dateng bawa pijambak, prakawis kamadjenganing tetanèn, kalijan padaganganipoen ra'iat Indonesia poenika satoenggiling factor ingkang penting sanget. Negari wadjib sanget ngadjengaken babagan kalih prakawis waoe. Sanget andadosaken isin manawi ra'iating tanah ingkang koentjara menggahing loh djinawinipoen katah ingkang mlarat. Sanget ngisin-isini manawi tetanènipoen satoenggiling tanah ingkang misoewoer ngisèni loemboenging peken mantja pradja woedjoed barang manéka warni, kawontenanipoen njlekoetis. Sanget ngisin-isini manawi kanggéning tanah ingkang ndadosaken kagoeming mantja nagari menggahing dedaganganipoen, nanging padaganganipoen ra'iat priboemi sanget nglingsemaken.

Sapoenika kados kanggé timbanging kamadjengan, Indonesia sanget ambetahaken dateng pamoelangan tetanèn lan pamoelangan dagang ingkang katah.

Rechtshooge school, Techniesche hooge sehool, Mediesche Hooge School sampoen wonten. Poenapa pamaréntah boten manggalih perloe wontenipoen LANDBOUW HOOGE SCHOOL kalijan HANDELS HOOGE SCHOOL.

Béndjing poenapa badé dipoenwonteni?

Sinten badé ngroemijini?

Pantes dados toetoeladan, keradjan Djawi Soerakarta Hadiningrat kagoengan nijat ngawontenaken „HANDELSSCHOOL" kanggé nampèni moerid-moerid angka kalih ingkang badé ngladjengaken pasinaonipoen. Dados jèn babagan poenika saèstoe kalampahan, karadjan Djawi Soerakarta badé mitoeloengi ra'iatipoen ingkang ageng sanget goenanipoen. Béndjing poenapa babagan poenika dipoenoemoemaken ngantos doemoegi ing poendi-poendi seloeroeh tanah Indonesia? Béndjing poenapa malih ngantos Indonesia nggadahi pamoelangan dagang lan pamoelangan tetanèn inggil?

*Hercules.*

### PANGANDIKA DALEM KANGDJENG SANTO BAPA LEO XIII.

I nerangaké patokan, bilih **sadaja pangoewasa poenika asalipoen saking Goesti Allah.**

a. Ing sawarni-warnining pangoewasa, kados makaten poenika: tjeta.

Bab pangoewasaning Imam, tetijang nganggep poenika asal saking Goesti Allah, katanda: bangsa poendi-poendi kémawon sami nganggep sarta njeboet abdining Allah dateng para Imamipoen. Makaten oegi bab pangoewasaning bapa, poenika kaanggep minangka wajangan lan gambaring pangoewasa ingkang wonten ing Goesti Allah. *Ija saka Goesti Allah anggoné sakèhé kabapan ing swarga lan ing donja ndoewèni djeneng (Epesoes 15).*

Pangoewasa mawarni-warni poenika anggènipoen satoenggal mèmper kalijan satoenggalipoen inggih djalaran sadaja pangrèh lan pangoewasa, ing poendi kémawon, pinangkanipoen sami déné ingkang jasa lan ngratoni djagad inggih poenika Allah sawidji. (Encycliek: Diuturnum).

II nerangaken patokan, bilih **kawoela kedah mbangoentoeroet, nanging wonten kalanipoen kénging mbangkang.**

b. Manawi kawoela sampoen ngertos, jèn ingkang ngerèh poenika angsal pangoewasa saking Goesti Allah, ladjeng oegi badé ngertos, jèn kawadjibanipoen ingkang dateng pangrèh waoe sampoen manoet samastinipoen sarta manoet adilipoen. Kawoela ladjeng badé ngertos, jèn wadjib nggega sadawoehing pangageng, ambangoen toeroet poenapa malih mitoehoe. Sadaja waoe kados-kados kénging kasamèkaken kalijan katresnan lan pangadji-adjinipoen anak dateng tijang sepoehipoen. *Sadéngah wong mbangoena toeroet marang panggedé.* (Roem XIII,I) (Encycliek: Immortale Dei 1 November 1885).

c. Sabab ingkang nglilani tijang kénging mbangkang namoeng manawi kapoerih nglampahi poenapa-poenapa, ingkang tetéla soelaja kalijan anggering kodrat oetawi anggering Allah, awit sadaja ingkang tjengkah kalijan anggering kodrat oetawi karsaning Allah, boten kapareng nindakaken. Mila samangsa wonten tijang kapoerih milih salah satoenggilipoen prakawis kalih poenika: nerak anggering Allah poenapa nerak anggering pangageng, tijang waoe kedah mbangoen-toeroet dateng Goesti Jésoes, ingkang dawoeh: *saosa marang Sang Praboe kang dadi wewenangé Sang Praboe lan marang Allah kang dadi wewenanging Allah* (Matéjoes XXII, 12), dados tjotjog kalijan wangsoelanipoen para Rasoel: *Manoengsa koedoe loewih ing pambangoen-toeroeté marang Allah katimbang marang manoengsa.* (Lelamp. para Rasoel V,29).

Tijang ingkang nindakaken kados makaten waoe boten kénging kaoengelaken: wis ora mbangoentoeroet. Awit manawi karsaning pangageng soelaja kalijan karsaning Allah, pangoewasaning pangageng waoe nglontjok saking wates sarta boten merdoeli dateng tindak adil. Sarta pangoewaosipoen oegi boten kénging kaanggé, djalaran sampoen boten wonten, sareng itjal kalijan itjaling tindak adil. (Encycliek: Diuturnum).

# KABAR SAKING BETAWI.

### CONFESSION.

„Confession" poenika basa Perantjis, welandinipoen: bekentenis, djawinipoen.... kilap, mbokmenawi: ngakeni.

Ngakeni poenapa?

Makaten:

Kala parepatan r. k. d. b. tanggal 26 April taoen poenika, koela, poen patricius, dipoensawoengaken déning salah satoenggiling warga soepados kapilih „pangarsa."

Koela ngadeg, matoer dateng pangarsa, R. Koesman: „Koela poeroen dipoensawoengaken waton parepatan poeroen midangetaken atoer koela ing dalem tigang menit".

Pangarsa: „Kados-poendi parepatan?"

Parepatan: „Inggih."

Rama parampara: „waarom?!"

Koela: „omdat ik hier een bekentenis wil afleggen vóór de leden van deze vereeniging, wie ik eigenlijk ben; opdat, wanneer ik tot voorzitter mocht verkozen worden, de leden geen spijt van zullen hebben."

Koela ladjeng wiwit: „Koela namoeng badé matoer, koela poenika sinten; lan bab kawontenan koela poenika sampoen kaserat ing Sw. Tm. ngriki woedjoed karangan R. Baskoel, atas namaning pangrèh pakempalan R. K. D. B. poenika."

Artikel saking R. Baskoel ladjeng koela waos loegoe, tanpa mawi mabeni barang-barang; (artikel waoe kamot ing Sw. Tm. 24 April 1931).

Bakda koela maos ladjeng wonten swara: „Jèn makaten boten kémawon!" — Lan njata, kala pilihan pangarsa koela namoeng angsal swara satoenggal.

***

Bab doekanipoen R. Baskoel oetawi pangrèh R. K. D. B. koela boten ngertos babar pisan. Awit sasaged-saged koela tansah ngatingalaken kampijoenipoen R.K.D.B., pangrèh dalah warganipoen. Lan sasaged-saged boten dora.

Tjobi artikel koela (Sw. Tm. 17 April) kasamèkna kalijan verslagipoen R. Baskoel 24 April, ladjeng maosa „doekanipoen" dateng koela ingkang IIde blad! Hara, p o e n a p a lepat koela.

Artikel koela ing Sw. Tm. 24 April oegi mrada R. K. D. B. malih.

Hara, ing semoe doekanipoen teka dipoenadjani tijang sanès oetawi mbekta prakawis.... ingkang boten magepokan karangan koela!

Ing riki tetéla roepekipoen penggalihanipoen R. Baskoel dateng ingkang ngadjan-adjani.

Bab k e s è d koela dateng pakempalan, margi wonten sababipoen persoonlijk, ingkang boten koela atoeraken R. Baskoel sakrabatipoen.

Nanging a p e s koela sampoen toemoet parepatan rkdb. kaping kalih, saged oegi leresipoen kaping tiga, boten namoeng „sapisan" kados pangandikanipoen R. Baskoel.

Bab k e s è d koela, oepami njata loegoe kesèda, kaanggep dosa ageng, soemangga. Namoeng zg. kesèd koela sadaja waoemawi sabab ingkang premati, ingkang oepami roemijin wonten salah satoenggilling warga pangrèh karsa ndangoe kanti patitis wonten ing rerompok koela, saged oegi koela: tjoengoelaken.

Soewaoe dipoenkèndelaken kémawon, waton ditarik contributie, sareng tjemoewit, gèk tjemoewitipoen langkoeng roemijin tinimbang verslagipoen R. Baskoel, ladjeng dipoeningel-ingel.

Hara, rak tjilaka: wong mantja, sepi sanak, ketlarak, didjotak, disentak-sentak.

Oepami: anggèn koela kaanggep dosa margi boten adjeg saben woelan sowan moendoek-moendoek tjaos contributie, poenika koela margi sepi piet! Lha, sareng nagih ..... f 3,75! Mangga kémawon! toedjoenipoen koela inggih namoeng sedija f 0,75! Tirahanipoen koela tjitjil!

Toer ingkang makaten waoe koeloenoen inggih boten koela pijambak, mèh hoem!

Bab artikel koela kala 17 April? o, inggih, mangké njlèwèng ketebihen! Sabab poenapa koela wantoen damel karangan tanpa nengganggani „plechtigheid" satelasipoen?

Hm, djoeroe kabar rak gadah kamardikan, waton kabaripoen njata!

Bab „galik-galik?" Lha wong njata kados-poendi malih! njata saé, boten k e n è s oetawi m r è t è l i oetawi pamèr. Koela badé njerat „njaring, tjoemengkling" boten èstoe, rikoeh, milih ingkang djawi deles toer radi tjekak: galik-galik.

Matoer sanjatanipoen t o e r boten awon: dipoendoekani; poenpa ladjeng mboenglon, matoer boten njata?

Wé lah pakèwed! mangké dipoenwastani djoeroe kabar golèk-oepa: dora ora dadi ngapa waton olèh sega!

Menawi R. Baskoel kersa nindakaken makaten, mangga! *)

Koela matoer „galik-galik" poenika boten ngétjé, oetawi jèn tjara Betawi boten a k s i, nanging kala samanten mila koela *boten njana* jèn saged samanten kadigdajanipoen, ngokonipoen makaten: sing wédok menjanji anang koor, warga lanang djèngkèng, lo, rak pilah ning sareng njamboet damel; tegesipoen pakarjan kabagé r a t a. Lah ing rikoe koela ladjeng nganggé temboeng „kakoeng" lsp. Perloe kanggé mi-

*) Temboeng-temboeng „mboenglon" lan „golèk oepa" poenika petikan saking. artikelipoen Trenggana S. T. 24 April .(P).

# E K O N O M I.

## ING SAPOETJAKING PANGGOENG ECONOMIE.

*Kantor lan serat dagang.*

Ing karangan koela kala tanggal 24 woelan April koela sampoen njeboet adrèsipoen kantor dagang ing San Francisco. San Francisco Chamber of Commerce, 451 California Street, San Francisco, Calif U.S.A.— Lan koela inggih sampoen njeboetaken bilih ing Djakarta Betawi (lami) wonten kantor dagang Tiong Hoa.

Bab kantor dagang ing Indonesia sanèsipoen sanès dinten kémawon karembag malih.

Sapoenika napisaken bab kantor dagang ing San Francisco waoe. Serat ingkang dateng poen abdi Andaja wetahipoen oengelipoen makaten:

January 31, 19....

Mr. Andaja
(kampoeng. nomer grija, negari).
Java, Dutch East Indies.
Dear Mr. Andaja.

Complying with ........ Margi pamoendoet pandjenengan doemateng kantor dagang ing San Francisco ingkang asoeraos soepados dipoenkintoeni serat ingkang anama „Sabab poenapa para manggaota dagang sami milih kita San Francisco," serat waoe sapoenika kaatoeraken asareng serat poenika.

Serat (boekoe) waoe njeboetaken kanti gamblang bab lampah-lampah saha badé kadadosanipoen panggaotan lan kaboedidajan ing San Francisco ing sapoenika lan ing dinten wingking. Boekoe ingkang kados makaten kawontenaning isinipoen sanadjan tjekak (kados sampoen boten kénging dipoenwewahi malih. Nanging saged oegi pandjenengan sapoenika saweg meleng manggalih salah satoenggiling panggaotan oetawi kaboedidajan. Ingkang poenika manawi koela kapareng soemerep panggaotan oetawi kaboedidajan poenapa ingkang saweg kapanggalih waoe, koela sagah njaosi katrangan bab kawontenanipoen nagari San Francisco ingkang langkoeng tjeta malih, toer keplok kalijan prakawis ingkang kakarsakaken. Poenapa déné koela inggih sagah nampi pandangon prakawis sanès-sanèsipoen, mbokbilih koela saged tjaos katrangan ingkang njekapi lan terang. Sarta sadaja dawoeh-dawoeh badé kasimpen rempit (boten kawentarwentaraken).

Kita San Francisco dalah pasisir ing saoeroeting samodra Ageng poenika mindakipoen redja katingal énggal sanget. Kita San Francisco waoe doenoengipoen wonten ing tengahing pasisir Samodra Ageng, pelaboehanipoen sakalangkoeng adi, sarta ndedelipoen saémba kita New York.

Sampoen dangoe djiwanipoen wonten 756.000 lan mindaking djiwanipoen rikatipoen wonten tikel tiga jèn katanding kalijan rikat indaking djiwanipoen sa-Amérika Sarékat. Manawi kita waoe dipoenkempalaken kalijan tanah sakiwatengenipoen 50 mil moebeng, djiwanipoen wonten 1.600.000. Tjatjah djiwa ing sakilèning Paredèn Karang ingkang 11.000.000. katahipoen, kabetahanipoen langkoeng gampil kaladosan saking Francisco tinimbang saking kita salèr lan sakidoelipoen.

Pradja-pradja ingkang ngoebengi Samodra Ageng, poenika tjatjah djiwanipoen jèn kaklempakaken wonten 900.000.000, toer mindakipoen radin-radin ènggal sanget, andjalari ageng dajanipoen toemrap gemah ripahipoen kita San Francisco. Kaboedajan saking Amérika sarékat ingkang sisih wétan boten kirang saking 1500 warni ingkang bikak kantor wonten San Francisco, perloe njelaki papan kanggé mboetjal dagangan, ingkang wasananipoen San Francisco ladjeng dados poesering panggaotan ing pasisir kilèn.

Moegi-moegi kaparenga andangoe prakawis poenapa kémawon ingkang ndadosaken sardjoening panggalih, badé kaladosan tanpa ngétang kangélan lan baoe soekoe, amrih sageda tjaosan kamareman sawatawis.

Para abdi ing kantor Dagang
San Francisco
(katandan)
Capen A. Fleming,
pangarsa babagan panggaotan.

***

Lah, poenika prijantoen, gambaripoen tradjanging kantor dagang! sagah ngladosi katrangan sagendingipoen; basanipoen aloes, memalat sih, dadag!

Margi njoemerepi serat ingkang makaten waoe pandjenengan saged ngatik-atik pijambak oepami makaten: o, dadi kaja ngono oebedé kantor dagang! kaja ngono akalé, kaja ngono kasagoehané!

Serat waoe kadjawi kénging kaseboet „potrèt" toemrap tradjanging kantor dagang, oegi soeka tjonto w e w a n t a h a n kados-poendi woedjoedipoen „serat dagang" oetawi jèn tjara walandi: handelscorrespondentie.

Ing Indonesia ngriki pandjenengan sadaja saged pados diploma serat dagang ing basa: Walandi, Inggris, Perantjis, Djerman, Sepanjol; wragad f 15,— toemrap sa-basa. Iksamenipoen wonten ing: Betawi, Semarang lan Soerabaja; kawontenaken déning „Vereeniging van Leeraren" ing Amsterdam.

P o e n a p a perloenipoen koela mawi njeboet bab poenika?

Perloenipoen soeka wangsoelan doemateng para prijantoen ingkang „seneng basa" ingkang kepéngin angsal diploma, oetawi: ingkang kepéngin njamboet damel ing toko-toko namoeng sarana „njadé" basanipoen.

Sarta diploma makaten waoe inggih perloe toemrap para boekhouder, correspondent lan journalisten ...... ingkang diploma langkoeng inggil boten gadah.

***

Doemoegi samanten kados tjeta bilih kepalaning karangan koela ing sapoenika boten mlèsèd kalijan isinipoen. Sarta doemoegi samanten inggih tjeta: bilih dagang makaten b o e m b o e n i p o e n katah sanget, ndadak kedah ngertos prakawis katah sanget, basa-basa, njepeng boekoe, angger-angger dagang lsp.

Sampoen nginten bilih toko sampoen kebak dagangan ladjeng kantoen nengkreng tengga kori kémawon, o, boten. Sadaja kedah mawi pétangan, akal, boekoe-boekoe lan nalar; dèrèng ngrembag advertentie, reclame lss.

Makaten oegi toemrap tijang ingkang tando woeloe wedaling siti, kedah ngertos poenapa ingkang saweg padjeng, poendi ingkang poeroen toembas lss.

Oepami A tjrijos akoe doewé gabah.

B, (blantik, exporteur oetawi importeur) temtoe ladjeng takèn: apa, sapira. Lan padatan taksih mawi takèn malih: kaja apa lan panèn dèk apa. „Kaja apa" ing rikoe ateges neda kintoenan tjonto.

Bab panénan poenika mila makaten. Wonten beurs manawi sadé kadjawi njeboet „barang poenapa", taksih mawi nemtokaken panénanipoen.

## ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

### G. G. É N G G A L.

*Sinten, lan kados-poendi?*

Manoet tjarijosipoen Aneta, saking panjoewoenipoen pijambak, regeering angèndeli Jhr. Mr. A. C. D. de Graeff anggènipoen dados Goernadoer Djéndral wonten Ned. Indie, kanti pikantoek panarimah ageng sanget saking regeering toemrap sadaja lalabetanipoen.

Déné ingkang anggentosi, asma *Jhr. Mr. B. C. de Jonge.*

Kala oesrek koran-koran angin-ten-inten sinten ingkang badé djoemeneng G. G. wonten ngriki, boten naté ngoetjapaken asma de Jonge. Babar pisan boten kakinten-kinten.

Sinten Jhr. Mr. B. C. de Jonge poenika?

*De Locomotief* njarijosaken: mijosipoen kala 22 Djanoewari 1875 wonten ing Den Haag. Tanggal 12 Djoeni 1900 sasampoenipoen sinaoe kalih taoen wonten ing pamoelangan loehoer Utrecht, pikantoek seseboetan meester in de rechten. Kala samanten joeswa 25 taoen.

Wiwitanipoen djoemeneng adpokat wonten Den Haag. Wasana dados ambtenaar wonten departement-departement, wiwit saking pangkat adjoeng komis ing Departement van Koloniën. Taoen 1910 pindah dateng Departement van Oorlog. Wonten Departement van Oorlog kalanipoen t. H. Colijn ingkang ngasta Minister van Oorlog, Jhr. de Jonge kawisoeda Chef kabinet apangkat administrateur. Dangoe-dangoe saged djoemeneng Minister van Oorlog i.p. kala 15 Djoeni 1917 doemoegi 9 September 1918. Malah inggih sampoen naté ngrangkep dados minister Marine.

Samedalipoen saking Departement, Mr. B. C. de Jonge pinilala, lenggah wonten ing dirèksi Koninklijke Maatschappij tot Exploitatie van Petroleumbronnen. Anggènipoen ngasta dirèktoering maskapé lisah Koninglijke poenika ngantos kawan taoen, kèndel kala taoen 1922.

Nalika ngasta dirèktoering Koninlijke, naté ngrawoehi Indonesia, sarta mriksani papan-papan toek lisah patra gadahanipoen B. P. M. ing tanah Djawi, Soematra toewin Borneo.

G. G. énggal poenika ipénipoen tilas minister van Karnebeek, dédé garwanipoen: baronesse Van Wassenaen van Rosande.

***

Makaten ringkesan petikan Locomotief.

*Aneta,* anjarijosaken pandjenenganipoen doemoegi telasipoen April taksih ngasta komisaris wonten ing maskapé lisah Koninlijke.

Manoet katranganipoen pijambak, pandjenenganipoen poenika golongan Christelijk Historische Unie, nanging sampoen sasat dédé partijman oet. boten gadah parté. (Hij verklaarde aangesloten te zijn bij de Christelijk Historische Unie, maar is allerminst een partijman).

Dados, sampoen tjeta Jhr. Mr. B. C. de Jonge poenika:

Mambet parté Christelijk Historische Unie (tilas) sawoengipoen golongan lisah; naté ngantjik boemi Indonesia sakedap.

Kadjawi poenika, katah ingkang mastani, prijantoen pinter, moempoeni, saged ngerèh, ambeg santosa, lss.

Kados-poendi badé tradjang-tradjangipoen G. G. énggal poenika?

*Nederlandsche Correspondentie-bureau* gandèng kalijan wisoedan waoe, miterang prakawis warni-warni dateng G. G. énggal (intervieuw). Manoet tilgram-tilgram Aneta, kala dipoenintervieuw waoe wonten katranganipoen Jhr. Mr. B. de Jonge ingkang moengel makaten:

De Indische politiek, aldus de nieuwe Landvoogd, is voor Nederland buitengewoon belangrijk, zoo niet het voornaamste. Hij achtte de uitnoodiging een groote eer, maar de Landvoogdij is een reusachtige en zorgvolle taak. De aanvaarding eischt opoffering, doch Indië is dit waard. De Landvoogdij is de mooiste taak, welke een Hollander ooit kan krijgen.

Hij verklaarde aangesloten te zijn bij de C h r i s t e l i j k H i s t o r i s c h e U n i e, maar is allerminst een partijman.

Gevraagd naar zijn verwachtingen ten aanzien van Nederland-Indië, antwoordde Jhr. De Jonge: Hierdoor komen wij op politiek terrein en politiek is momenteel juist een punt van discussie tusschen den Minister van Koloniën en mij. Maar ik hoop iets goeds te kunnen doen voor Indië en Nederland.

Indië is zoo welvarend en zoo goed bestuurd, dat het een schitterende toekomst tegemoet moet gaan. De momenteel min gunstige toestand in de suiker, olie en rubber komt absoluut in orde. Hoe, weet ik ook natuurlijk nog niet, maar Indië gaat vast niet te gronde. Het is een bijzonder rijk produceerend land en dat is het voornaamste.

Het nationalistisch streven moet ongetwijfeld in vaste banen worden geleid.

Bij de personen in Indië moet het inzicht rijpen, dat zij zich hebben aan te passen aan de bestaande orde en mee moeten helpen aan den opbouw van de maatschappij, met eerbiediging van den stand van zaken. Dit beteekent echter niet het star vasthouden aan alles, wat er is. Er is natuurlijk steeds voortgaande evolutie, welke door de omstandigheden zelve is aangewezen. Maar tegen elke revolutionnaire poging, hoe klein ook, zullen wij ons met kracht verzetten."

Dados, soeraosipoen: Toemrap Nederland, Indische politiek koewi prakara penting, malah bokmanawa sing penting déwé. Wisoedan iki mesti baé pakoermatan gedé toemrap akoe, nanging dadi G.G. mono ambrengkoet ambijejet. Enggoné nampa mesti koedoe kanti korban, nanging toemrap Indija sing mangkéné iki patoet, pantes, koeroep! G. G. mono pangkat betjik déwé toemrap wong Walanda.

Nalika dipoensoewoeni pirsa pangadjeng-adjengipoen toemrap Ned. Indie, Jhr. Mr. B. C. de Jonge paring wangsoelan: „Iki bandjoer ngambah politiek, lan prakara politiek iki lagi dadi remboegkoe karo Minister Djadjahan. Nanging pangarep-arepkoe bisaa akoe doewé panggawé betjik satitik-satitik kanggo Nederland lan Indija. Tanah Indija koewi tanah redja, lan koedoe dierèh kalawan betjik amrih bregasé ing tembé boeri. Kaanan sing saiki rada mrihatinaké ana ing djagad goela, lenga lan karèt mesti bakal poelih. Keprijé, mesti baé akoe ija doeroeng weroeh, nanging sing mesti ora bakal Indija hantjoer. Tanah iki loh djinawi, lan koewi sing penting. Gagajoehan-gagajoehan kabangsan koedoe diprenahaké ana ing dalan kang bener, goematok. Wong-wong ing Indija koedoe mangerti tenan jèn koedoe migoenakaké pranatan sing saiki, lan koedoe mèloe andjoendjoeng daradjading pasrawoengan kanti angoermati loenggoehing prakara. Mesti baé sing mangkéné iki ora teges koedoe ngoekoehi apa-apa sing saiki ana, kanti tjoekeng, wrengkeng, poegoeh. Bakal tansah ana toemindak madjoe lon-lonan kanti pitoedoehing kaanan. Kabèh sedya brontak, revolutie, sanadjan tjilaka kaé, mesti koedoe dakdoewa temenan.

***

Prajogi kita entosi, kita titosi, kados-poendi tjalon gelar jektinipoen ing béndjing! Ewadéné sapoenika poenika oegi, pandjenengan saged damel wawasan pijambak, sarana njatitèkaken pletik-pletiking gelar jekti waoe ingkang kasamoen wonten ing wangsoelan intervieuw kaseboet nginggil.

Kumuningsaselé 11 Mei 1931.
Taklim: *Patjar Mérah.*

---

Awit „panénan" ngriki adatipoen ladjeng gagajoetan kalijan „leveringipoen".

Manawi kadadosan rembagipoen, boten kesoepèn temtoe netepaken béjaning ngintoenaken, medal poendi (poenapa), dinten ngintoenaken lss.

Lah, doemoegi ngriki kados kabetahanipoen sadèrèk S. S. D. H. sampoen radi kasempèt sawatawis.

Poenapa Pamaréntah mboten awas mirsani kabetahanipoen kawoelanipoen?

Sakalangkoeng awas!

Cursus kanggé kleinhandel géné ingkang karembag sampoen mepaki! Saweg poenika „rapport" toemrap dagang — baton — priboemi sampoen medal!

***

Bab makelaar?

Inggih prajogi.

Kala koela taksih gadah tangga makelaar, koela saged njipati pijambak oelahipoen: telefoon, telegram lan tjonto-tjonto datengipoen kados laron. Djam 7 éndjing oepas tilgram sampoen dateng. Djam 9 dateng malih, djam 11 dateng malih. Djam 1 dipoen entosi malih; telefoon toenda-toenda. Tamoe...... ndlidir, sadaja bangsa kantong besar! bangsa auto lan barléan sadjagoeng-djagoeng!

Makelaar waoe namoeng mligi: nglantaraken dagangan woeloe-wedaling siti tok. Boten ngrembag montor, grija, siti, effecten oetawi dagangan sanès. Ewasamanten riboetipoen sampoen kados makaten. Lan..... sagah mbajar tjarik doemoegi blandja f 450 sawoelan!

Makelaar ingkang koela tepangi waoe béda sanget kalijan makelaar-makelaar Djakarta ingkang padatan ngandap namanipoen wonten seratan moengel: alle effectenzaken, tegesipoen: sagah nglantaraken sadaja rembag ingkang gagajoetan aandeel, obligatie, hypotheek, pandbrieven lss.

***

Ing rèhné ing nginggil koela sampoen ngrembag bab serat dagang

---

### CORRESPONDENTIE.

Para sadèrèk njoembang karangan, kita matoer noewoen. Nanging jèn katingal dèrèng (boten) kapatjak, sampoen ndadosaken panggalih. *Red.*

Abn. 680. Kanggé taoen 1930 sampoen sah babar pisan. Lan kanggé taoen 1931 sampoen nitjil f 5,— (gangsal roepijah). Matoer noewoen! *Adm.*

---

lahaken pambagéning pandamelan!

Wonten ngrikoe kaanggep kesikoe malih, lah inggih begdjaning awak, delé kaplak ora énak! mangkak! hm.

Bab boten toé noet triduum ngantos poendat? o, prijantoen, poenapa sadaja tek-kliwering manah lan gesang grija, lan gesang ing pandamelan k e d a h koela biecht-aken ing ngarsa pandjenengan sadaja? rak boten.

Bab awoning karangan, perloe kapatjak lan boten, kados poenika bebahanipoen redaksi, d é d é bebahanipoen èrbaskoel oetawi pangrèhèrkadébé.

(Pangrèh ingriki: pangrèh lami).

Oepami R. Baskoel doeka èstoe bab „galik-galik," kok anèh? Awit karangan koela 17 April waoe ingkang „ngenèt" salah satoenggiling prijantoen-poetri ingkang toemoet menjanji ing koor! Hara! ingkang toemoet „galik-galik" kersa ngenèt, R. Baskoel ingkang doeka!!

Laras!

Bab pamaiben toemra ptradjanging tijang sanès namoeng manoet gebjar poenika k é n g i n g kémawon. Namoeng n j a t a oegi bilih dèrèng temtoe sadaja pamaiben mapan trapipoen.

Rama redaktoer pijambak ing Sw. Tm. 24 April s e t e n g a h maiben bilih Pasoendan njata mawi basa Soenda. Lah, mangka koela nenggani pijambak.

Kala samanten badé koela verslag boten èstoe, margi ketoengka pendamelan sanès.

Koela saged nenggani Pasoendan waoe, é, matoer barès, mbloedoes!

Makaten oegi èrbaskoel inggih maiben bilih gotrah Katoelik ing Djajakarta roemijin (soekmanipoen) kirang teda, siram, lan raboekipoen. Sadaja waoe koela mireng pijambak saking prijantoen ingkang kénging lan pantes dipoendel!

Mila, é, kedaja-daja rkdb. ladjeng dipoentemenani.

Kala samanten leresipoen parepatan pangrèh, nanging boten dados, margi kasekediken ingkang rawoeh, lan koela, poen abdi patricius sampoen angsal palilah kénging nenggani....

Ngatos-atos prijantoen, o, Patricius boten poeroen tjemoewit manawi tanpa landesan....

Bab neda palilah poenika jèn perloe temtoe koela tindakaken. Kala koela wonten Ngajogjakarta adiningrat koela perlokaken njoewoen nenggani academie ing Seminarie, pareng; njoewoen pirsa tekkliweripoen Swara Tama, pareng! hara!! (djaman Soemarnan).

Lan, djoeroe kabar rak kénging interview ta? Tegesipoen: ngarang landesan ababing tijang sanès, tanpa mawi meningi pijambak!

Santo Loekas ngarang Indjil inggih boten meningi pijambak.

Tri-Moentilan ngambra-ambra njerat bab Eucharistisch Congres ng Ngajodja kala taoen 1925 inggih boten meningi pijambak!

Dados bab triduum lan karangan koela leresipoen wonten kalih bab. Sanadjan koela boten nenggani pasamoewan sadaja, jèn ngertos, rak tjekap.

Bab koela boten kempal kantja Kath.? O, R. Baskoel ingkang boten ngertos koela! doemèh boten ndjedoel ing pakempalan ladjeng kaanggep tijang boten kempal tijang! Boten kempal kantja Katoelik! Bab poenika kénging miterang dateng koela, grija koela R. Baskoel rak pirsa! Toer wonten parepatan koela rak sampoen ngaken nama koela sadjati sinten.

Sadèrèngipoen parepatan tapoek, sareng koela ngertos pandjenengan doeka, koela rak ladjeng matoer: sadèrèk Baskoel, k o e l a ingkang nama Patricius, mbokbilih karangan koela damel roentiking panggalih, koela njoewoen pangapoenten!

Hara, kados-poendi?

Saben dinten koela rak kempal njamboet damel kantja Katoelik! Rama Pastoer rawoeh ing soedoeng koela kaping pinten? R. Baskoel nihil!

Koela radi awrat toewi kantja-kantja margi sepi piet lan sepi wekdal.

Poenapa ndadak matoer bilih kala-kala kalampahan koela dateng papan pandamelan kaping *3* ing dalem sadinten?

Prekawis satoenggal ingkang R. Baskoel c.s. temtoe boten saged ndoewa: poendi temboeng koela ingkang boten njata; lan koela boten nijat ngoendat-oendat awoning sanès. Nanging „pandjenengan" ingkang nedya nelasaken aosing nama koela! Ing karangan koela 17 April koela tanpa ngenggel salah satoenggiling tijang.

Ing satemenipoen: bab ngarang lan dados warga leresipoen rak wonten kalih prakawis; satoenggal-satoenggalipoen saged madeg pijambak-pijambak. Sinten ngertos oetawi soemerep rak kénging ngarang. Kadjawi ta jèn rkdb. namoeng kénging kakarang déning R. Baskoel sadjadjaripoen!

Oepami njata makaten, éman sanget déné koela sampoen keladjeng radi katah anggèn koela mrada lan nrètès R. K. D. B.!

***

Boten soesah kepandjang-pandjang, ing rèhné kala 26 April k o e l a sampoen ngakeni wonten ngadjeng parepatan bilih k o e l a ingkang mendet nama „patricius", ingkang poenika, mbokbilih koela njata m a k è w e d i rkdb., R. Baskoel c.s. pirsa marginipoen ingkang gampil, tanpa lantaran Sw. Tm. inggih saged, djer koela boten nijat singidan lan soedoeng koela inggih boten koela damel wados.

PATRICIUS.

